



Pou Piblikasyon Imedya: 28/04/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## GOUVÈNÈ HOCHUL BAY NOUYÒKÈ YO MIZAJOU SOU PWOGRE ETA A FÈ NAN KONBAT COVID-19

***Gouvènè a ankouraje Nouyòkè yo pou kontinye itilize zouti yo pou pwoteje ak trete kont COVID-19 la: Vaksen, dòz rapèl, tè s ak tretman***

Gouvènè Kathy Hochul te bay Nouyòkè yo mizajou sou pwogrè eta a nan konbat COVID-19 epi dekri mezi debaz yo ka pran pou yo ka pwoteje yo kont pwopagasyon enfeksyon viris respiratwa yo.

"Malgre tan ki pi cho ki gen pou rive, Nouyòkè yo dwe kontinye vijilan epi sèvi ak tout zouti ki disponib pou kenbe tèt yo, moun yo renmen yo ak kominote yo an sekirite ak an sante pandan prentan sa a", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Ranfòse epi rete ajou sou dòz vaksen yo, asire w ke ou teste anvan rasanbleman oswa vwayaje epi si ou teste pozitif, pale ak doktè ou sou opsyon tretman potansyèl yo."

Gouvènè Hochul ap [ankouraje](#) Nouyòkè yo tou pou yo pran mezi prevansyon komen yo — tankou rete ajou sou vaksen yo ak pratike bon ijyèn — pou pwoteje kont COVID-19. Gouvènè a kontinye ankouraje Nouyòkè yo tou pou yo pran dòz rapèl bivalan kont COVID-19 pa yo ki sible souch viris orijinal la ak varyant ki an sikilasyon yo.

Pou pran yon randevou pou yon dòz rapèl, Nouyòkè yo ta dwe kontakte famasi lokal yo, depatman sante konte lokal yo, oswa founisè swen sante yo; vizite [vaccines.gov](https://www.vaccines.gov); tekste kòd postal yo bay 438829 oswa rele 1-800-232-0233 pou jwenn lokal ki toupre yo.

Depatman Sante Eta New York la kontinye [kanpay COVID-19 12 semèn](#) li a nan televizyon, rezo sosyal ak sèvis difizyon pou ankouraje Nouyòkè yo ki gen pwoblèm medikal pou yo rekonèt enpòtans pou yo pran ak rete ajou avèk dòz rapèl bivalan yo rekòmande a pou evite gwo maladi oswa lanmò. Kondisyon sa yo gen ladan gen 65 ane oswa plis, ansent, obèz, dyabetik, oswa soufri maladi kè oswa maladi poumon, oswa gen yon sistèm iminitè ki afebli.

Anvan ekspirasyon gouvènman federal la prevwa pou ijans sante piblik COVID-19 la nan 11 me, kominike laprès sou COVID-19/vaksen Eta New York la pral pibliye chak semèn nan vandredi yo jiska nouvellòd. Dènye done sou COVID-19 ak vaksen an pral kontinye disponib 24/7 nan [swivi sou entènèt](#) Depatman Sante Eta New York la.

Anplis de sa, Depatman Sante (Department of Health, DOH) eta a ap evalye chanjman yo nan koleksyon done ak rapò sou COVID yo an kolaborasyon ak depatman sante lokal yo ak founisè swen sante yo, pou soulaje fado founisè yo ak pwofite lòt sous done yo pou kenbe kapasite li pou siveye eta maladi a ak kapasite sistèm nan pou founi swen sante. Ajans lan rete angaje pou reponn ak menas COVID-19 la epi kontinye ankouraje Nouyòkè yo pou kontinye itilize zouti yo pou pwoteje ak trete COVID-19: Vaksen, dòz rapèl, tèl ak tretman.

Yo rezime Done COVID-19 pou chak semèn anba la a:

- **Kantite Ka pou Chak 100 Mil Moun an Mwayèn sou 7 Jou - 2.60**
- **Total Ka Pozitif Pandan 7 Dènye Jou yo - 3,558**
- **Rezilta tèl yo rapòte pandan 7 dènye jou yo- 222,578**
- **Total Pozitif jiska dat - 6,672,254**
- **Kantite Pasyan Ki Entènè Lopital sou 7 Jou an Mwayèn - 684**
- **Kantite Pasyan ki Fèk Entènè sou 7 Jou an Mwayèn - 85**
- **Kantite Pasyan nan Inite Swen Entansif (ICU) sou 7 Jou an Mwayèn - 82**
- **Kantite Pasyan nan Inite Swen Entansif (ICU) avèk Entibasyon sou 7 Jou an Mwayèn - 38**
- **Nouvo ka lanmò etablisman swen sante yo rapòte atravè HERDS pandan 7 dènye jou yo - 54**
- **Kantite ka lanmò total etablisman swen sante yo rapòte atravè HERDS - 62,447**

Sistèm Done Repons Elektwonik sou Sante a (Health Electronic Response Data System, HERDS), se yon sous done Depatman Sante Eta a ki kolekte done sou lanmò chak jou ki konfime nan lopital, mezon retrèt ak etablisman swen adilt yo rapòte yo sèlman.

- **Total ka lanmò CDC a rapòte epi konpile - 79,467**

Done pwovizwa sou sètifika lanmò COVID-19 pa jou ke Depatman Sante Eta a ak Vil New York rapòte bay CDC a enkli moun ki mouri nan nenpòt lokal, ki enkli lopital, mezon retrèt, etablisman swen sante, lakay yo, nan ospis ak lòt etablisman yo.

- **Total dòz vaksen yo administre - 44,001,156**
- **Total dòz vaksen yo administre pandan 7 jou ki sot pase yo - 27,360**
- **Pousantaj Nouyòkè ki gen laj 18 ane ak plis ki pran tout seri vaksen prensipal yo - 85.6%**
- **Pousantaj Nouyòkè ki gen laj 18 ane ak plis ki pran tout seri vaksen prensipal yo (CDC) - 90.8%**

- Pousantaj Nouyòkè ki gen laj 18 ane ak plis ki ajou - 16.6%
- Pousantaj Nouyòkè ki gen laj 12-17 ane ki pran tout seri vaksen prensipal yo - 74.7%
- Pousantaj Nouyòkè ki gen laj 12-17 ane ki pran tout seri vaksen prensipal yo (CDC) - 76.5%
- Pousantaj Nouyòkè ki gen laj 12-17 ane ki ajou - 6.8%
- Pousantaj Nouyòkè ki gen laj 5-11 ane ki pran tout seri vaksen prensipal yo - 40.2%
- Pousantaj Nouyòkè ki gen laj 5-11 ane ki pran tout seri vaksen prensipal yo (CDC) - 41.2%
- Pousantaj Nouyòkè ki gen laj 5-11 ane ki ajou - 4.1%
- Pousantaj Nouyòkè ki gen laj 0-4 ane ki pran tout seri vaksen prensipal yo - 8.1%
- Pousantaj Nouyòkè ki gen laj 0-4 ane ki ajou - 8.1%
- Pousantaj tout Nouyòkè ki pran tout seri vaksen prensipal yo - 76.6%
- Pousantaj nan tout Nouyòkè ki pran tout seri vaksen prensipal yo (CDC) - 81.0%
- Pousantaj tout Nouyòkè ki ajou - 14.4%

Kantite ka pou chak 100,000 moun an mwayèn sou 7 jou pou chak rejyon nan jedi 27 avril:

<b>Rejyon</b>	<b>Kantite Ka pou Chak 100 Mil Moun an Mwayèn sou 7 Jou</b>
Capital Region	2.19
Central New York	1.55
Finger Lakes	2.76
Long Island	2.52
Mid-Hudson	4.01
Mohawk Valley	1.91
New York City	2.64
North Country	1.88
Southern Tier	1.96
Western New York	1.71
<b>Nan tout Eta a</b>	<b>2.60</b>

Yo ankouraje Nouyòkè k ap chèche pran randevou pou vaksen pou timoun ki gen 5-11 zan yo pou yo kontakte pedyat pitit yo a, doktè fanmi yo, depatman sante konte yo, Sant Sante ki Kalifye nan nivo Federal (Federally Qualified Health Centers, FQHCs) yo, sant sante rural yo, oswa famasi ki ka bay vaksen yo pou gwoup laj sa a. Paran ak responsab yo ka vizite [vaccines.gov](https://www.vaccines.gov), voye mesaj ak tèks kòd postal yo nan 438829, oswa rele [1-800-232-0233](tel:1-800-232-0233) pou jwenn lokal ki tou pre yo. Asire w ke founisè a ofri vaksen Pfizer-BioNTech COVID-19 la, paske lòt vaksen COVID-19 yo pa ko otorize pou gwoup laj sa a.

[Sitwèb](#) Depatman Sante eta a gen nouvo enfòmasyon, kesyon ak repons yo poze souvan yo, ak resous ki fèt espesyalman pou paran ak gadyen nan gwoup laj sa a.

### Done Vaksinasyon Rejyonal yo dapre Lokal Founisè a

Total Nouyòkè kimile ki vaksinen ak pran dòz rapèl selon rejyon jewografik yo prezante konsa:

Rejyon	Seri ki acheve	Ajou
Capital Region	911,622	232,307
Central New York	617,386	151,782
Finger Lakes	830,707	245,897
Long Island	2,026,870	383,938
Mid-Hudson	1,576,900	345,547
Mohawk Valley	312,264	71,049
New York City	7,491,999	1,037,177
North Country	285,756	63,913
Southern Tier	420,623	109,436
Western New York	915,463	235,113
<b>Nan tout Eta a</b>	<b>15,389,590</b>	<b>2,876,159</b>

[Tablodò pou Swivi Vaksen Kont COVID-19](#) (COVID-19 Vaccine Tracker Dashboard) la disponib pou mete Nouyòkè yo ajou sou distribisyon vaksen kont COVID-19 la.

Depatman Sante Eta New York egzije pou enstalasyon vaksinasyon yo rapòte tout done administrasyon vaksen COVID-19 yo nan 24è oplita; y ap aktyalize done administrasyon vaksen ki sou tablodò a toulejou pou chif yo reflète kontaj ki pi resan pou kanpay vaksinasyon Eta a. Depatman Sante Eta New York la rapòte ki done ki soti nan NYSIIS ak CIR diferan lejèman pa rapò ak done ki rapòte sou plan federal la, ki enkli dòz yo bay sou plan federal yo ak lòt ti diferans. Toulede chif yo enkli nan piblikasyon ki anlè la a.

**Nòt Enpòtan:** Rapò jodi a gen ladan done ki soti nan vandredi 21 avril jiska jedi 27 avril.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)